



FEMA

Fèy Ransèyman

Èd Pou Moun ki Gen Bezwen Kritik

FEMA ka bay moun endividyèl ak kay èd finansyè poutèt dezas la, sitou si moun sa yo gen bezwen presan oswa bezwen kritik poutèt yo te deplase kite kay rezidans kote yo rete a. Bezwen presan oswa bezwen kritik sa yo se atik ki pou sove lavi yo oswa ki pou pèmèt yo viv; bagay sa yo se: dlo, manje, premye swen, medikaman sou preskripsyon, lèt fòmila pou tibebe, kouchèt, pwodui medikal moun konsome, ekipman medikal dirab, pwodui pou ijyèn pèsònèl, ak gaz pou transpò, ak plizyè lòt bagay toujou.

Yo bay Èd pou Moun ki Gen Bezwen Kritik (Critical Needs Assistance, CNA) selon kondisyon Èd pou Lòt Bezwen (Other Needs Assistance) ke yo etabli nan Pwogram pou Moun Endividyèl ak Kay (Individuals and Households Program, IHP) a, epi èd sa a ka depann de yon pataj frè avèk leta. Se yon sèl peman \$500 yo bay chak kay. Leta fèt pou l mande FEMA pou l bay otorizasyon pou Èd pou Moun ki Gen Bezwen Kritik (CNA) poutèt dezas ki fèt nan dè zòn jewografik byen presi, ke yo prevwa ki pap aksesib pandan lontan (sètadi sèt jou oubyen plis tan). Peryòd pou kalifye pou CNA koresponn a peryòd yo abitye bay pou anrejistre pou IHP, ki se 60 jou apatide dat Prezidan an deklare dezas la.

Moun endividyèl ak kay yo kapab kalifye pou CNA si yo satisfè tout kondisyon suivan yo:

- Yo anrejistre ak FEMA;
- Moun kap aplike a pase pwosedi verifikasyon idantite a;
- Omoman moun nan ap anrejistre, aplikan an deklare li gen bezwen kritik epi li mande pou yo ba li èd finansyè pou l satisfè bezwen sa yo ak depans yo;
- Kay prensipal kote yo te rete anvan dezas la sitiye nan yon konte yo deziyen pou CNA; epi
- Moun kap aplike a pa ka rete nan kay prensipal kote li te rete anvan dezas la ankò poutèt dega dezas la fè.

###

"Misyon FEMA se pou sipòte sitwayen ak premye sekouris nou yo pou asire ke noumenm antanke yon nasyon, nou travay ansanm pou n devlope, sipòte ak amelyore kapasite nou pou prepare pou tout danje, bay pwoteksyon kont tout danje, reyaji lè gen danje, fasilite retablisman epitou diminye tout danje ki egziste."

Mwa dawout 2017